

4 Etap Pou Prepare Fanmi Ou Sizanka Gen Dezas

Gid sa va ede ou ansann avek fanmi ou prepare sizanka gen dezas. Kenbe papye sa nan yon kote espesyal pou kapab sonje ki bò ou mete li. Rasanble fanmi ou koulye-a pou komanse fè 4 etap sa yo pou egzèsè preparasyon sekirite!

1 CHACHE KONEN KI RISK DEZAS KI EGZISTE NAN ZONN NAN

Chache konen bagay sa yo nan ofis lokal Emergency Management, Health Department, ou American Red Cross Chapter:

- Ki kalite dezas ki kapab rive e ki jan pou prepare.
- Ki siyal avètisman kominote-a genyen e ki sa pou fè lè ou tandè siyal sa.
- Ki jan pou ede granmoun aje avek ti moun ki gen bezwen espesyal yo.

2 KREYE YON PLAN POU FANMI OU SIZANKA GEN DEZAS

Fè yon reyiyon fanmi: Fè li senp e kolabore ansann.

Ki Sa Pou Di Ti Moun Yo

Li enpòtan pou anseye ti moun yo nan yon fason pou yo pa efreye konsènan dezas. Sèvi avek egzanp sa yo:

Di ti moun yo dezas se yon bagay ki kapab koz dega e ravaj. Esplike yo pafwa lanati kapab bay “trop bagay ki bon” – takou dife, la pli e van.

Esplike yo ki jan sa enpòtan pou genyen yon Plan Pou Fanmi Sizanka Gen Dezas.

Anseye ti moun yo bagay sa yo:

- Ki jan pou mande èd e sekou
- Ki lè pou rele chak nimewo telefòn anka dijans.
- Ki jan pou rele moun ou te chwazi kòm kontak fanmi-an sizanka ta vinn gen yon separasyon.
- Ki jan pou kenbe enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl yo sou yo tout tan.

Plan

- Pale avek fanmi ou konsènan danje ki genyen lè genyen dezas.
- Prepare davans pou genyen yon plan sizanka ou vinn separe. (A) Chwazi yon andwa ki pa nan katye ou pou sizanka ou pa kapab ale lakay ou. (B) Chwazi yon moun ki abite lwen vil la kòm yon kontak pou fanmi-ou. Chak manm nan fanmi-an avek moun kap veye ti moun yo, bezwen konnen adrès ak nimewo pou A e B.

- Ranpli kâd idantifikasyon pou chak ti moun e mete nimewo telefòn lokal yo anka dijans. Ranpli yon Fòm Enfòmasyon Anka Dijans/Emergency Information Form (EIF) pou chak ti moun ki gen bezwen santè espesyal (gade nan sit sa: www.aap.org/advocacy/emergprep.htm).
- Aprann konnen tout aspè konsènan swen pitit ou e plan lekòl la genyen lè gen dezas pou sizanka ou ta vinn separe de pitit ou pandan dezas la.
- Fè aranjman davans pou kapab konnen kisa pou fè si genyen deplasman.
- Make davans pliziè diferan wout ou kapab fè pou sòti.
- Fè aranjman davans pou jwenn yon kote pou mennen bèt ou yo.

Deplasman

Si yo di ou pou deplase, men sa pou fè:

- Deplase touswit lè yo di sa.
- Koute radyo meteyo pou tandè enstriksyon otorite yo nan zòn nan.
- Mete rad e soulie kòm proteksyon.
- Fèmen vann dlo, gaz avek elektrisite si yo di ou pou fè sa.
- Kite yon nòt sou papye ki make ki lè ou kite e ki kote ou prale.
- Rele moun ki kontak fanmi-an pou di li ki kote ou prale.
- Pote pwovizyon pou fanmi-ou anka dijans (gade nan pwochen paj la).
- Fèmen kay ou avek kle.
- Swiv rout la kote otorite yo endike pou ale.



3

KONPLETE LIS KONTROL SA

- Ekri nimewo telefòn ijans yo e mete yo bò chak telefòn nan kay la.
- Montre chak moun ki jan e ki lè pou fèmen tout vann itilite yo.
- Tcheke pou ouè si ou genyen ase kouvèti asirans (pa egzanp: ravaj inondasyon, dife, tranbleman detè, van).
- Ranje tout bagay nan kay la pou yo pa deplase, tonbe, kraze oubyen fè dife.
- Chache genyen ase pwovizyon sifi pou 7 jou anka dijans (gade lis la anba).
- Pran yon klas premie swen nan lakwa rouj e klas CPR.
- Make wout pou sove soti lakay-ou pou ale deyò – 2 kote nan chak chanm.
- Chache plizyè bon kote nan kay la ki genyen plis sekirite pou kapab ale la lè chak dezaz rive.
- Fè 2 fotokopi dokiman enpòtan yo e sere yo nan yon bwat konfrefò. Kenbe yon fotokopi nan men ou e bay moun ki kontak fanmi-an dezièm fotokopi-a.

VWAZEN KAP EDE VWAZEN

Pale avek vwazen yo pou fè yon plan sou ki jan ou kapab travay ansanm pandan yon dezaz.

- Pale apropo de moun ki gen konpetans espesyal yo (medikal, teknik).
- Fè aranjman davans pou konnen ki bò ou kapab mete ti moun yo sizanka paran yo pa kapab ale lakay.

ITILITE

Fè tout preparasyon pou sizanka yo ta mande pou fèmen itilite yo:

- Chache konnen ki kote bagay sa yo ye: prensipal bwat fizib elektrik la, vann dlo ki antre nan kay la, vann gaz pou kay la.
- Aprann ki jan e ki lè pou fèmen vann sa yo e montre lòt manm fanmi-an tou.
- Toujou mete yon kle tiyo e flach bò kote vann sa yo pou fèmen vann gaz e dlo yo.
- Si ou fèmen vann gaz la, lap nesèsè pou rele yon teknisyen pwofesyonèl pou louvri li ankò.

DOKIMAN ENPOTANT

Fè 2 fotokopi chak dokiman e mete orijinal yo nan yon bwat konfrefò oubyen nan yon valiz enpèmeyab:

- Testaman, papye asirans, kontra ak papye kay la, ak notarye, papye envèstisman.
- Paspò, kâs sosyal sekirite, rekò vaksen, EIF.
- Nimewo kont bank/nimewo kont kâs kredi.
- Lis envantè bagay nan kay la ki gen valè.
- Rekò fanmi-an e foto (batistè e sètifika de maryaj)
- Papye dokimantasyon ki ta kapab ede moun idantifye ti moun yo sizanka yo ta vinn separe de paran yo (foto, papye adopsyon, batistè).

Vizite sit US Department of Homeland Security Web (www.ready.gov) e sit AAP Children, Terrorism & Disasters Web (www.aap.org/terrorism), ansanm avek Family Readiness Kit (www.aap.org/family/frk/frkit.htm), pou plis enfòmasyon.

4

METE PLAN SA ANPRATIK

Chak Mwa -----

- Teste alam pou lafime yo (smoke alarm)

Chak 6 Mwa -----

- Repase Plan Pou Dezaz Fanmi Ou de tanzantan pou egzèse e make ki wout ou-ap fè pou sove soti nan kay la. Kesyon ti moun yo sou sa. Ranplase tout ansyen manje e dlo nan kay la pou mete sa ki fre.

Chak Ane -----

- Mete pil nèf nan alam pou lafimen yo, (amwenske alam pou lafimen yo sèvi avek pil ki dirab).

LIS PWOVIZYON SIZANKA

GEN DEZAS

- Siyal fize
- Kâs zòn nan e nimewo telefòn enpòtan yo
- Atik espesyal pou ti bebe e granmoun yo (kouchèt, manje ak lèt pou ti bebe avek medikaman)
- 3 galon dlo pou chak moun
- Manje tou pare nan bwat sifi pou 7 jou
- Aparèy pou ouvri mamit
- Tas e asyèt an papye, ajantri plastik
- Dra oubyen kouvrelè pou dòmi
- Atik twalèt (medikaman sifi pou 10 jou, e likid ki gen alkòl landann pou netwaye men)
- Pil pou telefòn selilè e chajè pou telefòn yo
- Rad derechanj, enpèmeyab pou lapli e soulie oubyen bòt pou chak moun nan fanmi-an.

Mete pwovizyon sa yo nan yon bwat enpèmeyab oubyen yon sak vwayaj ki fasil pou pote:

- Radyo meteyo avek plizyè pil an plis
- Bwat premye swen, manuel avek medikaman preskri
- Kâs kredi e lajan kach
- Idantifikasyon pèsònèl pa-ou
- Kle derechanj pou vwati-ou
- Lòt linèt an plis
- Alimèt nan yon bwat oubyen sachè enpèmeyab.